



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 2 avril 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWO ETAP ENPÒTAN POU GLOBAL 450MM CONSORTIUM

Premye Nikon 450 mm zouti imèsyon litografi vini sou entènèt; Wafter pwodiksyon prevwa pou kòmanse nan mwa jen kap vini an

Gouvènè Andrew M. Cuomo, ansanm avèk Nikon Corporation, Tokyo Electron, ak SUNY College Nanoscale Syans ak Jeni (CNSE) te anonse jodia ke premye zouti 450mm imèsyon fotolitografi pral kòmanse fè modèl ak delivre wafers nan mwa jen 2014 an sipò avèk Global 450mm Consortium (G450C). G450C, ki baze nan CNSE nan Albany, New York, se yon patenarya piblik-prive te anonse pa Gouvènè Cuomo nan Septanm 2011 ki te deziyen an pati pou fasilite tranzisyon endistri nanoteknoloji pou pwochen jenerasyon kap vini an teknoloji chip òdinatè.

Gwo etap enpòtan sa a pral pèmèt manm fondatè G450C ak CNSE pou pèfòme 10 nanometè (1 nanometè se yon bilyon nan yon mè) ak pi piti gwose fotolitografi sou tranch silikòn wafers, pandan lap optimize zouti konfigirasyon ak pèfòmans. Nan fen optimizasyon an, zouti Nikon Corporation pral bay CNSE nan avril 2015 annakò avèk delè pwojè a.

“New York ap vini yon lidè mondyal nan nanoteknoloji sa kap kreye travay ak devlope ekonomi nou an nan nò New York,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Patenarya piblik-prive estimile inovasyon ki pral yon jou chanje fason nap viv lavi nou. Se yon lòt fason ankò New York ap vin pyonye travay ak endistri yo nan lavni, sa ki gen ladan endistri semi-kondiktè ki deja responsab pou plizyè milye djòb nan eta.”

Nan mwa jiyè Gouvènè Cuomo te anonse yon patenarya \$350 milyon dola ant Nikon Corporation ak CNSE pou devlope pwochen jenerasyon teknoloji ak kreye 100 travay gwo teknoloji. Fotolitografi se teknik ki pi sofistike nan itilize limyè entans pou enprime sikwi konplèks nan pwosesis fabrikasyon chip òdinatè. Pandan dènye ane ki sot pase yo, fotolitografi te vini yon gwo etap validasyon enpòtan nan fabrikasyon tranzistò gwose nanomèt ki se bilding blòk chip òdinatè jodia. Nikon Corporation, Tokyo Electron, ak CNSE te travay agresivman pou pote premye nan zouti kalite anliy nan mwens pase 12 mwa ak fè avanse endistri tranzisyon nan platfòm aktyèl 300mm wafer nan pwochen jenerasyon platfòm 450mm wafer.

Haitian Creole

Vis Prezidan Egzekitif Nikon Corporation ak Prezidan Precision Equipment Company Kazuo Ushida te deklare, “Endistri tranzisyon a 450 mm pèmèt nouvo inovasyon ki pral delivre frè redwi pa filyè, sa ki esansyèl pou kontinyasyon Lwa Moore. Nikon fyè pou l atenn faz enpòtan sa a. Devlopman eskanè 450 mm ap pwogrese sou sib pou asire zouti fotolitografi avanse pral satisfè egzijans fabrikan chip yo, ak prepare pou ensèsyon lè endistri a deside pou tranzisyon enpòtan sa a.”

Vis Prezidan CNSE pou Inovasyon Manifakti ak Manadjè Jeneral G450C Paul Farrar, Jr. te deklare, “Anons jodia re-afime angajman endistri a nan tranzisyon teknoloji wafer 450mm. Jiska jodia, nou te enstale plis pase \$350 milyon dola nan zouti wafer 450 mm. Avèk arive zouti imèsyon fotolitografi Nikon, investisman sa pral gonfle a plis pase \$700 milyon dola. Founisè ekipman nou rete plènmman angaje avèk G450C, e manm konpayi nou yo kontinye angaje sipò konplè yo grasa investisman ak sesyonè teknik.”

Zouti imèsyon Nikon pral jwenn enfrastrikti 450mm ki egziste deja nan CNSE nan avri 2015. Evalyasyon pèfòmans montre zouti ki aktyèlman sou sit nan CNSE ak depase atant nan kapasite, pwosesis inifòmite, ak lokal ak nivo domaj. Anplis, de sous te etabli pou apwovizyone 450mm wafers nan G450C.

“Gouvènè Cuomo te etabli New York kòm yon lidè nan tranzisyon teknoloji wafer a 450mm,” te ajoute Farrar. “Inisyativ sa a pa sèlman yon inisyativ New York; se yon inisyativ mondyal ki pral gen enpak nan devlopman aparèy wo teknoloji pou jenerasyon kap vini yo. Pandan nap prepare pou n temwen premye zouti imèsyon 450mm anliy, nou sèlman kòmanse reyalize enpak vizyon kouraje Gouvènè a.”

Enfòmasyon sou SUNY CNSE. CNSE se premye kolèj nan lemonn ki devwe pou edikasyon, rechèch, devlopman ak deplwaman nan nouvo disiplin nano-syans, nano-jeni, nano-byosyans ak nano-ekonomi. CNSE reprezante antrepriz rechèch avanse avèk plis pase \$20 bilyon dola nan investisman wo teknoloji ak plis pase 300 patnè asosye. Megaplèks 1.3 milyon pye kare nanoteknoloji nan Albany se kay plis pase 3,100 syantis, chèchè, enjenyè, etidyan ak pwofesè. CNSE kenbe yon enprent echèl eta, eksplwatasyon sant inovasyon teknoloji smart cities (SCiTI) nan Kiernan Plaza nan Albany, Sant Devlopman Eneji Solè nan Halfmoon, Manifakti Photovoltaï ak etablisman devlopman teknoloji nan Rochester, ak sistèm teknoloji entelijan ak sant komèsyalizasyon (STC) nan Canandaigua. CNSE te ko-fonde ak jere sant komèsyalizasyon chip òdinatè (Quad-C) nan SUNYIT, e li se devlopè prensipal nan sit Nanocenter nan Marcy nan Utica, ansanm avèk Rezo Eneji Green Riverbend, Rezo Inovasyon Manifakti Wo Teknoloji, ak Rezo Komèsyalizasyon ak Inovasyon Medikal, yo tout nan Buffalo. Pou enfòmasyon, vizite www.sunycnse.com.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418